



Pou Piblikasyon Imedya: 15/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU KONTINYE ANGAJMAN POU SÈVIS BANKÈ ABÒDAB NAN ETA NEW YORK

*Lejislasyon (S.9348/A.8292) egzije Depatman Sèvis Finansye a pou fè yon etid sou frè ensifizans yo*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a siyen lejislasyon (S.9348/A.8292) ki egzije Sipèentandan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) a pou li fè yon etid sou frè ensifizans bankè yo nan Eta New York. Rapò a pral enfòme efò kontinyèl Eta a ap fè pou abòde frè finansman eksesif epi ede Nouyòkè ki gen revni fèb yo jwenn opsyon bankè abòdab ki pwoteje ak ogmante ekonomi ke yo genyen anba redi.

"Pandan Nouyòkè yo ap rekipere anba doulè ekonomik pandemi an, li enpòtan pou nou fè tout sa ki posib pou ogmante aksè ak sèvis bankè abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lejislasyon sa a pral ede asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak sèvis bankè nan pri ki ba pou jere ak sekirize bezwen yo, kèlkeswa kote yo abite."

**Sipèentandan Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul ak Lejislati a paske yo te adopte lejislasyon sa a epi kontinye angajman New York pran pou fè pwodwi ak sèvis bankè abòdab yo disponib pou kominote ki defavorize yo, ki gen ladan moun ki gen revni fèb ak modere yo, imigran, ak moun ki gen koulè yo. DFS pral kontinye pran tout aksyon posib pou konstwi yon sistèm finansye ekitab ak transparan pou tout Nouyòkè yo."

Lwa sa a mande DFS pou li fè yon etid sou frè ensifizans nan Eta New York epi egzamine:

- Montant total frè ensifizans yo peye nan New York.
- Distribisyon jewografik frè sa yo.
- Si nenpòt kominote sibi gwo to frè ensifizans ak rezon ki posib pou to ki wo sa yo.
- Posantaj frè ensifizans yo redwi atravè negosyasyon dirèk oswa endirèk.
- Fason enstitisyon yo divilge dwa konsomatè yo ki gen rapò ak negosyasyon frè yo.

**Senatè James Sanders Jr. te deklare,** "Frè ensifizans yo koute Nouyòkè yo dè milyon dola pa ane. Rezidan ki gen revni fèb yo deja ap lite pou yo debwouye yo. Lejislasyon

sa a pral ede nou konprann vrè enpak frè ensifizans yo pou nou ka jwenn fason pou rezoud pwoblèm lan."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Twò Nouyòkè, espesyalman moun ki gen revni ki pi fèb yo ak moun ki soti nan kominote defavorize yo, ap lite ak frè ensifizans predatè ki se obstak pou establiite finansye pèsònèl. Ameriken yo te peye yon total 15.5 milya dola nan frè ak depans ensifizans sèlman nan ane 2019 la. Lè nou mande Depatman Sèvis Finansye a pou etidye frè ensifizans yo ak enpak yo sou Nouyòkè yo, n ap gen yon ide ki pi klè sou fason pou pi byen soulaje fado byen k ap grandi sou Nouyòkè yo ak finans pa yo. Mèsi Gouvènè Kathy Hochul dèske li siyen pwojè lwa enpòtan sa a an lwa ak Depatman Sèvis Finansye pou etap yo te deja pran sou pwoblèm sa a."

Lwa sa a ak etid ak rapò konklizyon yo pral konplete angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pran pou li adrese pratik frè ki penib, opak ak predatè yo. Byen bonè nan semèn sa a, Gouvènè a te mande DFS pou l bay [Direktiv](#) pou bank, sendika kredi ak lòt enstitisyon depo yo ke New York reglemante, avèti yo pou evite pratik sa yo:

- Otorize Tranzaksyon Pozitif, Règle Tranzaksyon Negatif yo: Chaje konsomatè yo yon frè ensifizans menm si konsomatè a te gen yon balans kont pozitif ki ase pou kouvri tranzaksyon an lè li te otorize pa enstitisyon an.
- Frè Doub ki Soti nan Transfè Pwoteksyon kont Ensifizans Inital: Chaje konsomatè yo yon frè pou yon transfè "pwoteksyon kont ensifizans" ki soti nan lòt kont yon konsomatè ki nan yon montan ensifizan pou evite yon frè ensifizans, sa ki lakòz konsomatè a peye alafwa yon frè ensifizans ak yon frè pou transfè "pwoteksyon kont frè ensifizans".
- Frè Reprèzantasyon yo: Fè yon konsomatè plis pase yon frè NSF pou menm tranzaksyon ke yo refize a, san divilgasyon adekwat, kote komèsan an reprèzante menm tranzaksyon an bay enstitisyon bankè a nan yon dezyèm oswa twazyèm tantativ pou kolekte lajan.

Siyati pwojè lwa jodi a tou swiv [Direktiv](#) avril la ki ankouraje bank ke eta reglemante pou yo ofri kont sètifye "Bank On" pou satisfè kondisyon bankè ki abòdab nan eta a. Kont Bank On yo elimine frè ensifizans yo epi enpòtan pou atire moun nan kominote defavorize yo nan sistèm bankè a.

###